


Nourrir la vie

Konprann dyabèt gwosès

Mo enpòtan pou w konprann dyabèt gwosès :


- Glisid yo : sik ki genyen nan manje yo
- Glisemi : kantite sik ki genyen nan san an
- Ensilin : òmòn ki pèmèt sik la antre nan selil yo

Pandan jounen an, glisemi a monte epi li desann :



Kisa dyabèt gwosès ye ?

- Pandan gwosès la, prezans òmòn gendwa rann ensilin mwens efikas.
- Glisid ou konsome nan manje yo vin akimile nan san an. Glisemi an ogmante.



Ensilin ouvri pòt la byen laj pou sik ka antre nan selil yo.



Ensilin pa rive byen ouvri pòt la. Sik yo pa kapab antre byen fasil nan selil yo.

Kijan pou w redui risk konplikasyon dyabèt gwosès?

- Modifye abitud lavi w tankou :
 - manje
 - aktivite fizik
 - jesyon estrès
- Ak èd ensilin ak/oswa medikaman

Dyabèt gwosès se yon kondisyon tanporè ki dwe kontwole pou sante ou ak sante tibebe w la!

Avi : Zouti sa a egziste nan objektif pou bay enfòmasyon. Li pa ranplase rekòmandasyon yon pwofesyonèl sante. Si w genyen dout, konsilte yon pwofesyonèl sante san pèdi tan.

